Pou Piblikasyon Imedya: 11/05/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENSKRIPSYON POU TIKÈ GRATIS YO POU EVÈNMAN POU GADE KOUP DI MOND 2026 LA NAN LONG ISLAND OUVRI KOUNYE A

Mande tikè gratis yo isit la

Evènman gratis yo pral ofri eksperyans familyal pou gade match Koup Di Mond 2026 yo nan kominote a epi sipòte envestisman alontèm nan foutbòl pou jèn yo nan Eta Nouyòk

Yo ankouraje patisipan yo pou yo itilize transpò piblik pou yo ka fasilman rive nan Inivèsite Stony Brook la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke enskripsyon pou tikè gratis la ofisyèlman ouvri pou New York State United — 2026 World Cup Watch Experience nan Long Island (New York State United — Eksperyans Difizyon Match Koup di Mond 2026). Evènman inik, gratis e piblik sa a pou gran piblik la, ap dewoule 12 jen nan Inivèsite Stony Brook (Stony Brook University) e yo prevwa l ap atire plizyè milye Nouyòkè. Jounen an ap gen de evènman: match Koup di Mond Kanada kont Bosni ak Erzegovin (Gwoup B) a 3:00 PM ak match Koup di Mond Etazini kont Paragwe (Gwoup D) a 9:00 PM. Fanmi yo, fanatik foutbòl yo ak kominote atravè Nouyòk yo kapab kounye a mande tikè pou youn oubyen toude evènman sa yo.

Etap enpòtan sa a make yon gwo pa nan pote eksitasyon koup di mond 2026 la dirèkteman nan kominote yo atravè Eta Nouyòk. Eksperyans Difizyon Match Koup di Mond lan pral transfòme Inivèsite Stony Brook an yon destinasyon pou aktivite deyò gratis e aksesib kote fanmi yo, fanatik foutbòl yo ak Nouyòkè ki soti toupatou nan rejyon an ka rasanble pou eksperimante tounwa a ansanm toupre lakay yo. Ansanm ak match an dirèk, evènman an pral prezante eksperyans foutbòl entèraktif, amizman, manje ak bwason lokal, ak pwogram ki selebre enèji, divèsite ak lespri Long Island ak kominote yo atravè Eta Nouyòk.

"Mwen fyè de efò nou fè pou pote Koup di Mond lan — yon moman vrèman mondyal — dirèkteman nan kominote yo atravè Eta Nouyòk, sa gen ladan l ouvèti enskripsyon tikè jodi a pou Eksperyans Difizyon Match Koup di Mond 2026 New York State Unitedla la nan Long Island", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou kreye evènman difizyon match gratis pou fanmi yo atravè Nouyòk n ap fè li pi fasil pou fanmi yo, fanatik yo ak kominote

yo reyini ansanm, selebre foutbòl mondyal la epi kreye souvni dirab — tout pandan n ap kontinye envesti nan lavni foutbòl jèn yo nan eta a."

Evènman Long Island lan se premye nan de Eksperyans Difizyon Match Koup di Mond prensipal Eta Nouyòk la, epi yon dezyèm gwo evènman pou piblik la ap prevwa pou Final Koup di Mond FIFA a nan dat 19 Jiyè nan Kensico Dam Plaza nan Konte Westchester.Enskripsyon an gratis epi li obligatwa pou antre nan tou de evènman yo nan dat 12 jen an. Pou plis detay sou pwosesis enskripsyon tikè a oswa evènman 12 jen yo, [sic]fanatik k ap enskri pou tikè yo ap gen opsyon pou resevwa tou dènye enfòmasyon sou evènman yo, enfòmasyon sou transpò, rapèl sou orè a ak notifikasyon enpòtan pou jou evènman an pa imèl ak mesaj tèks. Pou plis detay sou pwosesis enskripsyon tikè a oswa evènman ki pral fèt 12 jen an, tanpri vizite sit entènèt evènman an. Eksperyans Difizyon Match Koup di Mond lan nan Long Island se youn nan plizyè eksperyans pou piblik gade match ki fè pati inisyativ Gouvènè Hochul la nan tout eta a ki pral kreye opòtinite san parèy pou Nouyòkè yo patisipe nan Koup di Mond 2026 la.

Baze sou estrateji jeneral Gouvènè Hochul la pou itilize gwo evènman mondyal yo nan kad benefis dirab nan tout eta a, evènman vizyèl sa yo konplete Pwogram Sibvansyon Koup di Mond Kominotè (Community World Cup Grant Program) Eta Nouyòk la ak NY Kicks yo pwopoze a: Yon Fon Envestisman pou Eritaj Koup Di Mond lan, ki pral elaji aksè ak enfrastrikti ak pwogram foutbòl pou jèn yo nan kominote yo atravè eta a. Efò sa yo fè avanse tou inisyativ Gouvènè Hochul la *Get Offline, Get Outside* (Dekonekte sou Entènèt, Soti) ki ankouraje Nouyòkè yo dekonekte aparèy yo epi pase tan deyò nan kominote yo, lè yo aktive espas piblik atravè eta a epi kreye eksperyans aktif pataje pou fanmi yo.

Prezidan, Direktè Egzektif Jeneral, ak Komisè Empire State Development (ESD), Hope Knight, te deklare, "Ouvèti enskripsyon pou Eksperyans Difizyon Match Koup di Mond Long Island lan pèmèt Nouyòkè yo fè yon pa pi pre pou yo viv eksitasyon koup di mond 2026 la isit la menm lakay yo. Evènman piblik gratis sa yo pral kreye opòtinite aksesib pou fanmi yo, fanatik yo ak kominote yo reyini ansanm nan Long Island tout pandan y ap sipòte envestisman pi laj nan foutbòl pou jèn yo, touris rejyonal ak angajman kominotè atravè eta a."

Manm Asanble Rebecca Kassay, te deklare, "Antanke reprezantan Asanble a pou Inivèsite Stony Brook, e antanke manm Komite Konsiltatif Long Island pou Koup di Mond FIFA 2026 la, mwen fyè pou m wè rejyon nou an jwe yon wòl enpòtan konsa nan akeyi Koup di Mond lan nan Nouyòk epi rann evènman mondyal sa a pi aksesib pou rezidan nou yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip ak vizyon li nan kreye opòtinite tankou sa a ki reyini kominote yo, montre tout sa rejyon nou an gen pou l ofri, epi envite fanmi Long Island yo nan festivite Koup di Mond lan. Òganize evènman sa a nan Inivèsite Stony Brook se yon opòtinite ekstrawòdinè pou tout moun, soti sou biznis lokal yo rive nan fanatik espò lokal yo, epi mwen anvi wè rezidan yo ak vizitè yo reyini ansanm pou yo fè eksperyans lespri tounwa istorik sa a."

Egzekitif Konte Suffolk la, Ed Romaine, te deklare, "Koup di Mond lan se yon selebrasyon kilti atravè lemond, epi li reyini moun chak katran. Nou ap tann ak enpasyans evènman sa a ak lajwa li pral pote a; anpil fanatik foutbòl pral gen opòtinite pou yo gade ekip yo kòm yon kominote."

Prezidan Konsèy ESD a, Kevin Law, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Nouyòk ap kreye nouvo opòtinite pou kominote yo atravè eta a patisipe nan eksitasyon ak enpak ekonomik Koup di Mond 2026 la. Evènman piblik gratis sa yo nan Inivèsite Stony Brook pral reyini fanmi yo, fanatik yo ak vizitè yo nan Long Island pandan y ap sipòte tou envestisman ki pi laj nan espò pou jèn yo, touris ak angajman kominotè atravè rejyon an."

Prezidan Stony Brook University, Andrea Goldsmith, te deklare, "Antanke premye inivèsite piblik Nouyòk la ak yon konpayi prensipal SUNY, Inivèsite Stony Brook kontan anpil pou l òganize premye Eksperyans Difizyon Match Koup di Mond sa a. Nou anvi resevwa manm kominote a ki soti toupatou nan Long Island ak lòt kote sou bèl kanpis nou an pou yo vin ankouraje ekip prefere yo nan yon selebrasyon kote tout moun ap rasanble nan yon bèl anbyans. Evènman sa a sipòte aspirasyon nou pou nou sèvi kòm yon motè sosyal ak kiltirèl pou Long Island, pou nou reyini moun pou moman kaptivan ak siyifikatif tankou sa a. Nou anvi ouvri pòt nou yo, ranfòse koneksyon kominotè pwofon nou yo epi selebre evènman istorik mondyal sa a ansanm."

Direktè pou Operasyon Gwo Evènman Eta Nouyòk, Justin Brannan, te deklare, "Gouvènè Hochul ap konsantre sou asire ke eksperyans Koup di Mond lan aksesib e abòdab pou fanmi yo atravè Nouyòk. Lè nou òganize gwo evènman gratis, ki santre sou kominote a, nou pral transfòme pi gwo tounwa espòtif sou planèt la an selebrasyon pataje nan vil nou, ki pral rasanble moun yo lakay yo."

Evènman sa yo ki adapte pou tout fanmi an fè pati efò kowòdone Eta Nouyòk la pou maksimize enpak Koup di Mond 2026 la sou tout eta a ak sou ekonomi an, pou rasanble kominote yo pou yo viv moman istorik mondyal sa a toupre lakay yo pandan y ap fè pwomosyon envestisman alontèm nan foutbòl pou jèn yo ak nan enfrastrikti kominotè a.

Pou plis enfòmasyon, enkli fason pou enskri pou resevwa notifikasyon sou pwochen anons Koup di Mond Eta Nouyòk yo, vizite sit wèb I LOVE NY la isit la.

Yo ankouraje kliyan yo tcheke aplikasyon MTA, aplikasyon TrainTime oswa mta.info pou jwenn dènye enfòmasyon sou sèvis yo an tan reyèl anvan yo vwayaje. Kliyan yo ta dwe enskri tou pou resevwa alèt sèvis pa imèl ak tèks.

Enfòmasyon sou Empire State Development
Empire State Development se ajans prensipal devlopman ekonomik Nouyòk, epi li ankouraje kwasans biznis, kreyasyon djòb, ak pi gwo opòtinite ekonomik atravè eta a. Ak biwo nan chak nan 10 rejyon eta a, ESD sipèvize Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo, sipòte ekite wo debi atravè biwo ConnectALL la, epi li ap ogmante mendèv

demen an atravè Biwo Devlopman Estratejik Mendèv. Ajans lan angaje ak endistri k ap vini ak pwochen jenerasyon tankou enèji pwòp ak fabrikasyon semi-kondiktè k ap grandi nan Eta Nouyòk, opere yon rezo sant asistans pou ede ti biznis yo grandi ak reyisi, epi ankouraje destinasyon touris klas mondyal yo atravè I LOVE NY. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite esd.ny.gov, epi konekte ak ESD sou LinkedIn, Facebook ak X (avan li te rele Twitter).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU